

**Xibaar bu am solo:** Jaay ay mbir ci saxaar u biir suuf bi, ci mbedd u askan, ak ci doxukaay yi da ñu koy **tere**, te amul ndigal bu bayyeekoo ci Kureel u Taraansporr bu Metropolitan (Metropolitan Transportation Authority) wala Dëkk u New York, te mën na mujj ci lu baax. Woorul ci xale muy jaay, rax si dolli su fekkee ni amul mag bu kay xool wala mu bañn nekk ak ku mag.



Xam naka ngay jotee ci daara ci, toppatoo xale, ak mëneef u jaboot Ci yoon, xale YËPP ci biir Dëkk u New York, am at u 6 ba 17 i at (wala ñu nar a aam 6 i at laata 1 weer u Suleet), war nañu bindu ci daara ja ba bes bi at u jang bi di jeex ci bi muy am 17 i at.

- Xale yi am 6 i at digante Suleet ak Desambar war na ñu bindu ngir at u daara bii di ñew. Xale yii mën na ñu bindu te des ca daara ja ba jeextal u at u daara ji ñuy am 21 i at. Dëkk bi mën na la jokkale ak mëneef yii ngir sa doom te du ñu xool sa nekkin u gaddaay. Say doom war na ñu leen xool saa su nekk ngir seen kaaraange.
- Ngir dimbali la nga bindu ci daara ji te matal ñakku yi war, seetil [schools.nyc.gov/fwc](http://schools.nyc.gov/fwc) wala nga woote ci (718) 935-2009 (Altine-Aljuma, 8am-6pm).
- Ngir ndimbal ci wér ngir gis toppatoo xale: Am na ay porogaraam yuy toppatoo te di la xoolal sa doom. Porogaraam yooyu jappandal na ñu ci yow te du ñu ci xool sa nekkin u gaddaay. Ñu ngi lay ñaan nga seeti <https://www.schools.nyc.gov/BrightStarts> ngir xibaar ci wall u porogaraam ngir sa doom.
- Ngir xibaar ci wall u **porogaraam u xale**, ñu ngi ñaan nga seeti <https://discoverdycd.dycdconnect.nyc/home>.
- Rax si dolli ci daara ak toppato xale, am na ay mëneef yu bari yu jappandal ngir **taxawu wëyjur yii ak toppatookat yii** ci aar seen jaboot te fexe ba jaboot gi nekk ci jamm. Ngir soo soxlaa xibaar yii, imael [connect@acs.nyc.gov](mailto:connect@acs.nyc.gov) wala nga woote ci 212-676-7667.
- **Wooteel, bindal mesaas, wala nga waxtaan ci 988** ngir jot tektal u jot, te am sutura boo dul fay dara ak wer ub xel ak taxawu ci jëfëndikoo sineebar, jappandal na 24/7 bes ci lu ëpp 200 i lakk. Seetil [nyc988.cityofnewyork.us/en/](http://nyc988.cityofnewyork.us/en/) to find services.

### Xamal Say Aqq

- **Am nga ay aqq ci nekk ligeeykat ci Dëkk u New York** te du ñu ci xool sa nekkin u gaddaay. Kenn warula forsé, teg la peresonj, wala nax la ngir jox la ay mëneef wala ligeey, bokk na ci jaay te amuloo kayit u sañ-sañ.
- Ngir xibaar si **sa wall u aqq ci nekk ab ligeeykat** ci NYC, mën nga seeti Departamaa u Aar ligeeykat ak Jëfëndikukat u NYC (NYC Department of Consumer and Worker Protection's, DCWP) ci sit web bii [nyc.gov/workers](http://nyc.gov/workers). Mën nga itam eskane kot QR bi ngir jot ci Kayit u Yegle Aqq u Ligeeykat yii.
- Su fekkee ni yow wala kenn koo xam **da ñu leen gaañ ca ligeeyukaay am wala ca kér ga**, ndimbal di na jappandal ci moom. Ngir xibaar ci wall u mëneef yii ak ndimbal yii jappandal ci yow, mën ngaa woo 1-800-621-4673 wala nga seeti [nyc.gov/nchope](http://nyc.gov/nchope).
- **Ngir ndimbal ci yoon u wall u gaddaay**, jokkool ak Buum u Jokkoo u Taxawu ci Yoon u wall u Gaddaay u Biro meer bi bu wall u Aji Gaddaay yii (Mayor's Office of Immigrant Affairs) ci 800-354-0365 (Altine ba Aljuma, 9 a.m. ba 6 p.m.)
- **Ngir ndimbal ci am ligeey:** Workforce1 dafay dimbali waa New York ci kayit u sañ-sañ u ligeey di len waajal, ak di leen jokkale ci, jot ci ligeey ci biir Dëkk u New York ak ci bepp fann u koom u reew mi. Seet il [www.nyc.gov/site/sbs/careers/virtual-wf1cc.page](http://www.nyc.gov/site/sbs/careers/virtual-wf1cc.page)

